

SOAL UTS BAHASA SUNDA KELAS 10 SEMESTER 2

I. Pilihlah huruf A, B, C, atau D sebagai jawaban yang paling benar!

1. Dina pangajaran basa Sunda aya matéri ngeunaan nerjemahkeun, nu dimaksud nerjemahkeun nya éta?

A. Proses nganalisis ngeunaan hiji karya tulis

B. Proses ngalih basakeun/ ngarobah basa tina hiji basa kana basa séjén

C. Proses ngahartikeun hiji kecap kalayan makna na

D. Proses maca kalayan maham kana maknana

E. Proses ngahartikeun hiji basa kalayan maknana

2. Dina hiji poe Rani ngerjakeun tugas basa Sunda, nya éta nerjemahkeun hiji lagu tina basa Indonesia kana basa Sunda. Eta hasil nerjemahkeun téh disebutna ...

A. Terjemahan D. Dongéng

B. Carita pondok E. Resensi

C. Wawacan

3. Dumasar kana basana “tarjamah” téh asalna tina basa...

A. Sunda D. Jawa

B. Arab E. Bali

C. China

4. Dumasar kana wangun/ bentukna nerjemahkeun téh kabagi jadi dua, nya éta ...

A. Nerjemahkeun lisan jeung nerjemahkeun tulisan

B. Nerjemahkeun lisan jeung nerjemahkeun basa

C. Nerjemahkeun dongeng jeung nerjemahkeun carita pondok

D. Nerjemahkeun kamus jeung nerjemahkeun artikel

E. Nerjemahkeun kamus jeung nerjemahkeun essay

5. Perhatikeun ieu sempalan paragraph!

Selama puluhan tahun berkecimpung menyebarkan risalahnya, Kiai Gozali tidak henti-hentinya menggunakan bahasa Sunda.

Terjemahan nu pang éféktifna tina kalimah di handap nya éta...

A. Salami mangtaun-taun ilubiung nyebarkeun risalahna, Kiai Gozali teu eureun-eureun ngagunakeun basa Sunda.

B. Salila mangtaun-taun ilubiung nepikeun risalahna, Kiai Gozali teu weléh make basa Sunda.

C. Mangpuluh taun nyebarkeun risalahna, Kiai Gozali teu weléh ngagunakeun basa Sunda

D. Mangpuluh taun nepikeun risalahna, Kiai Gozali teu weléh ngagunakeun basa Sunda

E. Salami puluhan taun nepikeun risalahna, Kiai Gozali teu eureun make basa Sunda

6. Perhatikeun ieu sempalan paragraf!

... Naon atuh bédana Harley jeung Honda Tiger atawa motor nu sakelas jeung Harley? Éta meureun sугan pédah tarikna mapakan jamparing?

Kalimah “tarikna mapakan jamparing” ditarjamahkeun kana basa Indonesia jadi...

A. Kecepatannya seperti panah

B. Kecepatannya seperti panah

C. Kecepatannya melebihi panah

- D. Tarikannya seperti panah
- E. tarikannya melebihi panah

7. Salah sahiji tulisan nu bisa diterjemahkeun nya éta kawih. Kawih téh kaasup kana wanda/ jenis tulisan ...

- A. Ilmiah D. Artikel
- B. Imajinatif E. Essey

C. Sastra

8. Naon waé nu kudu diperhatikeun dina nerjemahkeun tulisan sastra? ...

A. Ma'na dina tulisan jeung kaéndahan basana

- B. Terjemahkeun per kecap
- C. Teu kudu diéndah-éndah terjemahana
- D. Teu kudu merhatikeun ma'na dina tulisana
- E. Terjemahkeun sangkan jadi teu panjang teuing tulisana

9. Perhatikeun ieu kalimah !

Di dalam hati ku ada kamu, di dalam hati mu ada aku.

Saupama diterjemahkeun kana basa Sunda nu hadé éta kalimah robah jadi ...

- A. Di haté abdi aya manéh, di haté manéh aya teu abdi
- B. Abdi aya di haté anjeun, anjeun aya dina hate abdi

C. Dina haté kuring aya anjeun, dina haté anjeun aya kuring

- D. Abdi aya dina hate manéhna, manéhna aya dina hate abdi
- E. Simkuring ka manéh, manéh ka simkuring

10. Dina sastra Sunda buhun, aya nu disebut dongéng. Dongéng téh nya éta ...

A. Karya sastra Sunda buhun nu eusi caritana ngandung unsur kajadian pamohalan, sumebar kucara tatalépa di masarakat.

- B. Karya sastra Sunda buhun nu eusina ngandung guru lagu, guru wilangan jeung guru gatra
- C. Karya sastra Sunda buhun nu kapangaruhan ku sastra India. Biasana nyaritakeun Ramayana jeung Mahabrata
- D. Karya sastra Sunda modern nu eusi caritana ngandung unsur kajadian pamohalan, sumebar kucara tatalépa di masarakat
- E. Karya sastra Sunda buhun nu dijerona nyaritakeun ngeunaan raja-raja jeung permaisuri di tatar Sunda.

11. Dongéng eusina nyaritakeun ngeunaan perkara-perkara nu sanget tur akait jeung nu ghaib, kaasup kana wanda/ jenis dongéng ...

- A. Pabel D. Legenda

B. Mite E. Sage

- C. Parabel

12. Di handap ieu nu teu kaasup kana ciri-ciri dongéng nya éta ...

Eusina sok aya unsur pamohalan/ teu asup akal

Sumebarna ku cara tatalépa

Sok ngandung papatah/ amanat

Caritana pondok

Karya sastra Sunda modern

- A. Eusina sok aya unsur pamohalan/ teu asup akal
- B. Sumebarna ku cara tatalépa
- C. Sok ngandung papatah/ amanat

D. Caritana pondok

E. Karya sastra Sunda modern

13. Dongéng sangkuriang kaasup kana carita legenda. Ieu hal téh lantaran ayana gunung nu dianggap parahu nu ditajong ku Sangkuriang. Éta gunung téh katelahna...

A. Gunung Papandayan **D. Gunung Tangkuban Parahu**

B. Gunung Guntur E. Gunung wayang

C. Gunung Putri

14. Dongéng Situ Bagendit ka asup kana jenis dongéng...

A. Mité **D. Sasakala**

B. Fabél E. Pamohalan

C. Parabél

15. Di handap nu teu kaasup kana unsur intrinsik dongéng nya éta ...

A. Palaku jeung watek

B. Latar (tempat, waktu, suasana)

C. Galur

D. Kasang tukang pangarang

E. Amanat

16. Karya sastra Sunda dina wangun sajak anu bisa dihaleuangkeun/ dilagukeun disebut...

A. Sajak Sunda D. Guguritan Sunda

B. Wawacan Sunda E. Pupujian

C. Kawih Sunda

17. Di handap ieu nu kaasup kana judul kawih pop atawa modern nya éta ...

A. Natahan Pupuh D. Eundeuk-eundeukan

B. Oray-orayan **E. Papatong**

C. Cingciripit

18. Kawih anu nyaritakeun milangkala atawa hari jadi kabupatén Cianjur nyaéta ...

A. Jaran Goyang **D. 12 Juli**

B. Duriat E. Curug Cinulang

C. Bubuy Bulan

19. Ieu sempalan kawih di handap téh ngabogaan judul ...

Mesat ngapung luhur jauh ka awang-awang

Mébéérkeun jangjangna bangun taya karingrang...

A. Manuk Piit D. Manuk Bueuk

B. Manuk Dadali E. Manuk Manukan

C. Manuk Golejra

20. Karya sastra Sunda nu dihaleuangkeun, pakait jeung agama Islam, eusi rumpakana nyaritakeun Rosulullah SAW disebut

A. Pupujian D. Wawacan

B. Kakawihan E. Kawih

C. Guguritan

21. Dumasar kana waktu gumelarna, kawih Natahan Pupuh kaasup kana wanda kawih ...

- A. Tembang klasik/ heubeul
- B. Tembang Modern
- C. Pupuh Sunda
- D. Kawih klasik/ heubeul**
- E. Kawih Modern/ Pop Sunda

22. Dumasar kana waktu gumelarna, kawih Mawar Bodas kaasup kana wanda kawih

...

- A. Tembang klasik/ heubeul
- B. Tembang Modern
- C. Pupuh Sunda
- D. Kawih klasik/ heubeul
- E. Kawih Modern/ Pop Sunda**

23. Perhatikeun ieu sempalan kawih, tuluy eusian kecap nu kosong !

Panon hideung pipi mancung

- A. hideung, panon D. hideung, biwir
- B. beureum, biwir E. hawug, panon

C. Konéng, Irung

24. Perhatikeun ieu sempalan kawih !

Urang tembang diajar ngahaleuang

Lagu pupuh aya 17

Urang tataan urang apalkeun

Kecap Urang tataan dina éta sempalan kawih maksudna nya eta

...

- A. Nuliskeun lagu Natahan Pupuh Sunda
- B. Ngajak nyebutkeun hiji-hiji 17 pupuh Sunda**
- C. Ngitung pupuh Sunda nu aya 17
- D. Nuliskeun pupuh Sunda nu 17
- E. Nyebutkeun rupa-rupa cara ngawih

25. Saupama ditilik tina eusi rumpaka/ lirik kawihna, kawih Manuk

Dadali ngandung amanat...

- A. Gagahna Lambang Nagara Indonesia**
- B. Ngajak sangkan ngingu manuk
- C. anéhna lambing nagara Indonesia
- D. Ngajak sangkan ngaruksak lingkungan
- E. Ngajak sangkan ngajaga lingkungan

26. Tulisan anu di jerona ngawengku lalampahan dina ngalaksanakeun kagiatan disebut ...

- A. Laporan Kagiatan** D. Anggaran Kagiatan
- B. Proposal Kagiatan E. Dokumentasi Kagiatan
- C. Rundown Kagiatan

27. Saupama ditilik tina wangun/bentuk tulisana, laporan kagiatan mangrupa tulisan dina wangun ...

- A. Sastra D. Fiktif
- B. Fiksi E. Non Ilmiah
- C. Non Sastra**

28. Laporan kagiatan bisa dijieun dina rupa-rupa wangun/ bentuk tulisan nya éta ...

- A. Formal jeung teu formal** D. Prosa jeung Artikel
- B. Prosa jeung Puisi E. Puisi jeung Wawacan
- C. Artikel jeung Wawacan

29. Transliterasi tina aksara sunda kana aksara laten tulisan ieu nyaeta...

- A. Ladrang**
- B. nadrang
- C. Ladang
- D. larang
- E. Ladyang

30. Kumaha laporan kagiatan dumasar kana strukturna kalayan ngaruntuy? ...

- A. Lumangsungna kagiatan, hasil kagiatan, kasang tukang kagiatan, dokumentasi kagiatan
- B. Lumangsungna kagiatan, kasang tukang kagiatan, hasil kagiatan, dokumentasi kagiatan
- C. Kasang tukang kagiatan, dokumentasi kagiatan, hasil kagiatan, lumangsungna kagiatan
- D. Dokumentasi kagiatan, hasil kagiatan, kasang tukang kagiatan, lumangsungna kagiatan
- E. Kasang tukang kagiatan, lumangsungna kagiatan, hasil kagiatan, dokumentasi kagiatan**

Demikian 30 contoh soal ujian sekolah PAT/[UAS Bahasa Sunda kelas 10 semester 2](#) SMA/MA/SMK kurikulum 2013 dan kunci jawaban tahun 2022.***